

POU JWENN PLIS ENFÓMASYON

Kontakte Pwojè pou Evaliye ak Kontwole Danje Lanmò nan Massachusetts (FACE), oswa Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA).

Pwojè FACE

Pwogram pou Siveye Sante nan Travay
Depatman Sante Piblik nan Massachusetts
250 Washington Street
Boston, MA 02108
(617) 624-5627

Pwogram Konsiltasyon OSHA

Divizyon Sekirite nan Travay
(617) 969-7177

Biwo Rejyonal OSHA


JFK Federal Building- Room E340
Boston, MA 02144
(617) 565-9860

FACE se yon pwojè ki dirije pa Depatman Sante Piblik nan Massachusetts pou anpeche aksidan rive nan travay. FACE envestige lè moun mouri nan travay pou 1 ka konneri ki danje ki ta lakòz moun mouri nan travay. Misyon FACE se prevansyon; wòl li se pa fè respekte règ sekirite yo.

FACE resevwa kòb nam men Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay (NIOSH).

Nou remèsye tout mèt chantye ak lòt moun ki te ban nou tan yo ak èd yo lè nou t ap ekri ti livrè sa a.

SEKIRITE NAN TRAVAY SOU ECHAFODAJ POU MÈT CHANTYE NAN KONTRIKSYON KAY



Pwojè pou Evaliye ak Kontwole Danje Lanmò nan Massachusetts (FACE)
Depatman Sante Piblik Massachusetts
Haitian Creole Language

Nenpòt So Ka Tiye Ou!!!

Echafodaj yo kapab yon mwayen pi efikas epi mwens danjere nan konstriksyon osinon nan renovasyon yon kay. Men fòk echafodaj la byen monte. Premye kòz so id tiye travayè nan konstriksyon nan Massachusetts, se sot tonbe nan echafodaj.

Yon chapantye aje 29 an te tonbe 19 pye anba yon echafodaj ki fèt pou chapantye (6 mè) epi li te jwenn lanmò. Pèsonn pa t ap siveye echafodaj ki te tache nan yon fenèt kay la. Chapantye a t ap retire lanèj sou tèt kay la. Li glise soti sou platfòm nan pandan lanèj t ap akimile bò pye li.

Yon bòs mason aje 69 an t ap fè renovasyon nan yon kay yon fanmi. Li sot tonbe 20 pye anba, li te sou yon echafodaj ki fèt ak tiyo yo epi ki pat siveye. Platfòm nan te a yon distans de 10 pye de kay la paske te gen yon galeri nan dezyèm etaj kay la, epi yo te mete yon planch ant echafodaj la ak tèt kay la pou yo ka mache ale sou tèt kay la. Bòs mason an sot tonbe jwenn lanmò lè planch la glise.


Men kèk konsèy pou moun k ap monte sou yon echafodaj:

- Se pou ou gen yon nechèl ki pèmèt ou rive sou platfòm la.
- Se pou ou monte echafodaj la ak kalite bwa ki fèt echafodaj.
- Sou tout echafodaj ki pi wo pase 10 pye, se pou enstale yon balistrad ak yon rebò otou pou anpeche pye moun glise.
- Enstwi tout moun k ap sèvi ak echafodaj yo jan pou yo ka sèvi ak yo san danje.
- Se pou asire echafodaj la ka sipòte 4 fwa pwa pa li ansanm ak maksimòm pwa oit ta vle mete sou li a.

Pa egzanp, yon echafodaj “pump jack” ki gen poto yo plase a 10 pye distans epi ki gen 2 planch ki fèt pou echafodaj epi ki mezire 2 pa 10 ap gen ase fòs pou 1 sipòte 2 travayè.

Echafo yo rele “Pump jack” la:

- Sèvi ak poto bwa jiska longè 30 pye; sèvi ak poto aliminyòm jiska longè 50 pye.
- Enstale balistrad. Planch ou mete zouti yo sou li a ka sèvi kòm pati anwo balistrad la.
- Tache poto yo nan kay la ak yon sipò an triyang ki gwo nèg pou pati anwo a, pati anba a epi pou lòt pati ankò si sa nesesè.
- Se pou ou si poto yo byen nivo.
- Se pou lajè platfòm yo mezire 12” (12 pous) pou pi piti (planch ki mezire 12 pous yo twò piti).
- Pa chita oswa kanpe sou planch ou mete zouti yo sou li a.



Atansyon:

Poto 2 pa 4 yo ki te fann an de moso konn glise lè yo mouye.


Echafodaj “Ladder Jack”:

- Pa sèvi ak li pou yon wotè ki pi wo pase 20 pye.
- Lajè platfòm yo dwe mezire omwen 12 pous. Pa kole platfòm yo ansanm.
- Tache nechèl la pou anpeche moun nan glise.
- Mete yon nechèl ki pèmèt ou rive sou platfòm la.



Atansyon:

Se li menm ki prezante plis danje nan tout kalite echafodaj yo. Evite sèvi avèk li. OSHA mande pou sèvi ak yon dispozitif kont so yo lè moun sèvi ak echafodaj sa a.




Atansyon:


Pa janm mete yon echafodaj “pump jack” ansanm ak yon echafodaj “ladder jack” amwenke ou pa gen entansyon ajiste wotè echafodaj “pump jack” la.

Sipò pou chapantye yo:

- Se pou nou toujou tache sipò fikse nan bwa montan kay oswa nan yon chapant kay la.
- Fòk platfòm la mezire 12 pous pou pi piti.



- Enstale balistrad ladan 1.



Yo vann pyès bon mache pou kenbe balistrad yo. Pyès sa yo bon pou tout kalite echafodaj.

Echafodaj ki fèt ak tiyo soude:

- Se yon moun konpetan ki pou monte echafodaj sa a.
- Se pou ou mete yon sipò an kwa nan kalite echafodaj sa a.
- Tache li nan batiman an.
- Enstale balistrad nan echafodaj sa a.
- Mete yon nechèl ki pèmèt ou monte rive nan platfòm la.
- Enstale planch nèt sou platfòm la.

Atansyon: Pou echafodaj sa yo ka rete an plas fok baz yo byen estab.

Fè atansyon pou ou pa pran kouran lè ou ap enstale, lè w ap sèvi oswa lè w ap demonte yon echafodaj tou pre yon liy elektrik.

Rele konpayi elektrik la pou yo ka ede ou.

Ti livrè sa a jis bay kèk pwen enpòtan. Al gade nan liv OSHA standard CFR 29, 1926.451 pou ka jwenn yon lis tout règ sekirite yo.

Ranseye ou nan magazen oswa nan konpayi ki lwe ou echafodaj la pou plis detay sou ki jan pou monte echafodaj la epi sou mezi sekirite ki nesesè pou kalite echafodaj pa w la.